

Yon Semèn Rete pou Moun Florida yo aplike pou Asistans FEMA Apre Siklòn Milton ak Helene

Release Date: Desanm 30, 2024

TALLAHASSEE, Fla. -- Floridyen ki te sibi pèt nan Siklòn [Milton](#) ak/oswa [Helene](#) gen yon semèn ki rete pou aplike pou asistans federal. Dat limit lan se 7 jan. 2025

Si ou te aplike pou asistans FEMA apre Siklòn Helene epi ou gen plis domaj nan Siklòn Milton, w ap bezwen aplike pou Milton separeman epi bay dat dènye domaj ou te sibi a.

Nou ankouraje pwopriyetè kay ak lokatè pou aplike sou Entènèt nan DisasterAssistance.gov oswa lè yo telechaje [Aplikasyon FEMA](#). Ou ka aplike tou pa telefòn nan 800-621-3362. Liy yo louvri chak jou epi èd disponib nan pifò lang. Si w itilize yon sèvis relè, telefòn ki gen soutit loswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo w pou sèvis sa a.

Pou w ka gade yon videyo aksesib sou kijan pou w aplike pou asistans ale nan [FEMA Aksesib: Aplike pou Asistans Endividyèl - YouTube](#).

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekipasyon Siklòn Milton, vizite fema.gov/disaster/4834. Pou Siklòn Helene, vizite fema.gov/disaster/4828. Pou Siklòn Debby, vizite fema.gov/disaster/4806. Swiv FEMA sou X nan x.com/femaregion4 oswa sou Facebook nan facebook.com/fema.



FEMA

Page 1 of 1